

CALLED BY NAME

Letter from Bishop DiMarzio

Chè zanmi-m yo,

Pawòl pwofèt Izayi kontinye gen pouvwa nan tan nou jodi-a: “Mwen rele-w pa non-w; ou se pam” (Izayi 43: 1).

Yon jan patikilye Granmèt Jezu non sèlman rele men Li envite jenn gason ak fi pou yo konsidere vokasyon pou fè pè, lavi relijyèz ak dyakona kòm yon fason mèveye pou pase lavi yo. Li klè Granmèt itilize moun espesyal pou bay envitasyon sa pou jenn moun nou yo ka tandè vreman vwa Li k-ap envite yo konsidere yon vokasyon relijyèz. Se te yon benediksyon pou mwen pou fè eksperyans lafwa nan kominote-a ki te gen yon enfliyans sou pwòp vokasyon-m pou fè pè. Konbyen w enpòtan pou travay ankouraje vokasyon. Granmèt la itilize-w kòm enstriman-L pou plante ti-grenn nan e envite jenn moun pou yo konsidere yon vokasyon relijyèz.

Mwen espere w-ap pran inisyativ pou sipòte pwogram sa pa soumèt nan lapriyè non nenpòt jenn moun ou santi ta ka fè yon bon pè, mè, frè ou byen dyak nan kat repons ki va disponib an Janvye.

Mèsi pou tou sa w-ap fè pou sipòte Legliz la e vokasyon. Tanpri lapriyè pou siksè inisyativ sa ak pou tout pè, tout relijye ak tout dyak yo.

Sensèman nan Kris,



Monseyè Nicholas DiMarzio, Ph.D., D.D.
Evèk Brooklyn